

BAB V

KACINDEKKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekkan

Dina enas-enasna novel bisa dianalisis kalayan ngagunakeun pamarekan psikologi, sabab dina sastra hususna novel euyeub ku unsur kajiwaan nu nyampak dina tokoh-tokohna. Kanyataan hirup hiji jalma bisa dipanggihan dina karya sastra nu diperankeun ku tokoh carita. Dina analisis unsur penokohan raket patalina jeung kapribadian individu para tokoh.

Téma dina ieu novel nya éta cinta. Cinta nu dicaritakeun dina ieu novel téh nya éta cinta nu hésé nu cinta anu hésé meunangkeun kapastian sabab dirbibingung ku dua nonoman anu béda kapribadian. Tokoh nu aya dina ieu novel nya éta, Rinéga, Prasasti, Fauzan, Mamah, Bapa, Mah Ani, Opung Boru, Indung Fauzan, Adina Fauzan, jeung Bapana Fauzan. Unggal tokoh dina ieu novel miboga karakter nu tangtu, nu méré warna kana kalumangsungan ieu carita. Kahirupan carita nu diébréhkeun ku pangaran kalayan ngagunakeun téhnik pelukisan tokoh sacara ékspositoris jeung sacara dramatik. Latar nu aya dina ieu novel ogé ngawengku latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. Latar tempat lumangsungna kajadian dina ieu novel nya éta kabagi jadi dua jenis, nya éta tempat general jeung tempat parsial. Tempat general nya éta tempat lumangsungna kajadian nu jadi saksi lalampahan kahirupan cinta antara Rinéga jeung Prasasti, nya éta di kota Bandung jeung Garut. Sedengkeun latar tempat parsial nya éta: (1) rohing tamu imah Rinéga; (2) buruan imah Rinéga; (3) warnet tempat Rinéga sok ngerjakeun tugas kuliahna; (4) réstoran Lémbang ; (5) rumah sakit tempat Prasasti di rawat; jeung (6) imahna Fauzan.

Latar waktu dina ieu carita digambarkeun ku pangarang miboga dua pasifatan, aya nu sifatna absolut, aya ogé parsial nya éta poé Minggu, poé tadi, dua poé katukang, atawa dua minggu kamari. Sedengkeun waktu parsial nya éta hiji waktu, isukna, wanci sareureuh budak, wanci rumangsang, jeung wanci magrib kolot. Lian ti latar tempat jeung waktu, aya ogé latar sosial. Dina ieu novel kaayaan sosial nu ngalataran ieu carita ngawengku status sosial tokoh utama jeung

Deuis Santika, 2014

Karakteristik Tokoh dalam Novel Prasasti nu Ngancik na Ati Karya Popon Saadahuntuk Bahan Pembelajaran Membaca di SMA (Tinjauan Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kahirupan asmara para tokoh utama. penokohan bisa katempo tina émosi masing-masing tokoh. Konsép nu kapanggih dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* mangrupa ébréhan tina kajadian nu lumangsung, nu mangaruhan kana paripolah tokoh. Konsép émosi nu nyampak dina diri tokoh-tokoh nu aya dina ieu novel téh nya éta, émosi rasa salah, rasa salah anu disidem, ngahukum diri sorangan, rasa kaéra, rasa sedih, rasa ceuceub, jeung rasa cinta.

Dina ieu novel ngungkapkeun ngeunaan dinamika jeung prosés kejiwaan tokoh-tokoh nu dipangaruhan ku faktor asmara. Analisis penokohan dina ieu novel bisa dicangking ngaliwatan gambaran prosés kejiwaan ti masing-masing tokoh nu dipangaruhan ku faktor luar jeung faktor jero (bawah sadar jeung sadar). Ngaliwatan analisis penokohan kalayan pamarekan psikologi sastra, prosés kejiwaan masing-masing tokoh bisa méré éfék réalistis dina ieu karya. Prosés kejiwaan tokoh-tokohna bisa pikanyaho ngaliwatan tiori Sigmund Freud (id, ego, jeung superego) nu bisa ngagambarkeun suasana jeung perasaan para tokoh. Ieu hal teu leupas tina kamampuh pangarang dina ngagambarkeun watek tokoh nu aya dina karyana.

Struktur kapribadian id, ego jeung superego katitén tina masing-masing tokoh anu aya dina ieu novel. Éta unsur kapribadian téh mangaruhan kana paripolah tokoh tur bisa némbongkeun karakter tokohna. Unggal paripolah nu dilakonan ku para tokoh téh mangrupa hasil tina pagedrugna id, ego, jeung superego, nu ahirna bakal nuyun kana naon anu dilakonan. Karakter tokoh dumasar pamarekan psikoanalisis katitén yén tokoh Rinéga nu salaku tokoh utama miboga sifat nu babari timburu, babari kabébnjokeun, lumpat tina masalah, sok nyiksa manéh, perhatian, jeung nurut. Ari *Prasasti* mah miboga karakter nu koloteun, kurang percaya diri, haré-haré, jeung teu nunda-nunda hal nu dianggap penting pikeun kahirupan ka hareupna. Sedengkeun tokoh Fauzan, sacara psikoanalisis miboga karakter nu beunghar, nembrak, sabar tur ngéléhan, bubudakeun, jeung sombong.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, dicindekkeun yén novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di SMA, lantaran miboga kapunjulan ajén basa, kapunjulan ajén sastra, tur punjul dina kasusastraan Sunda. Ku ayana ieu novel dijadikeun bahan

pangajaran, bisa mantuan siswa pikeun ngaaktualisasi diri, boh tina tokoh nu positip ajénna, boh nu negatif ajénna, nu remen kapanggih dina kahirupan sapopoé.

5.2 Saran

Pikeun ngeuyeuban kasusastraan sakaligus dunya atikan, leuwih hadé upama panalungtikan sastra dipatalikeun jeung pangajaran. Ieu hal bisa mangaruhan kana minat diajar siswa kana kasusastraan hususna kasusastraan Sunda. Ieu panalungtikan téh disusun pikeun pihak-pihak nu patali jeung panalungtikan nu geus dicangking, saperti nu maca, pangarang, masarakat sastra, siswa jeung panalungtik séjénna. Patali jeung ieu pasualan, aya sawatara saran pikeun kamajuan dunya kasusastraan jeung dunya atikan, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

1. Pikeun nu maca, dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra kalayan méré ajén atawa kritik nu bisa mekarkeun kasusastraan Sunda
2. Leuwih alus upama hasil tina panalungtikan téh dilarapkeun langsung kana pangajaran, sangakan panalungtikan nu dilaksanakeun henteu ngan ukur jadi sarat wungkul, tapi sakumaha anu jadi tujuan nu hayang dihontal, nya éta bisa ngaronjatkeun dunya atikan jeung kasusastraan, utamana dina widang basa jeung sastra Sunda.
3. Pikeun pangarang dipiharep bisa terus ngaronjatkeun deui kamampuh dina ngahirupkeun tokoh jeung penokohan, sabab dina enas-enasna tokoh téh mangrupa unsur nu pangpentingna, tur nu ngahuripkeun carita.
4. Ieu panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun salaku alternatif bahan pangajaran tiori jeung aprésiasi sastra, nya éta: mantuan dina ngaronjatkeun kaparigelan basa, ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan budaya, mekarkeun cipta jeung rasa, jeung mantuan dina ngawangun karakter siswa.